



Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Gusti Nyiptakeun
Alam Dunya Sareng
Eusina



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Byron Unger; Lazarus

Disaluyukeun ku: Bob Davies; Tammy S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2010 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.




Saha anu nyiptakeun urang teh? Kitab Suci anu mangrupikeun sasauran Gusti nyarioskeun kumaha ngawitanana tiasa aya jalmi teh. Kapungkur, sababaraha taun anu tos kalangkung Gusti ngadamel jalmi anu kahiji, teras ku Gusti dipasihhan nami nyaeta Adam.




Gusti ngadamel Adam tina taneuh teras Gusti niupkeun nafas hirup ka Adam, teras Adam teh janten hirup. Adam aya di hiji taman anu sae sareng endah pisan, namina Taman Eden.



Sateuacan Gusti ngadamel Adam, Gusti nyiptakeun
heula alam dunya. Gusti ngadamel alam dunya anu
indah anu dieusian ku sagala rupa anu luar biasa.



Hiji-hiji ku Gusti di damel atanapi diciptakeun, aya tempat-tempat anu laluhur sapertos gunung, atuh aya oge tempat anu lalega pisan sapertos tegalan anu pinuh ku jujukutan, kekembangan anu sarengit sareng tatangkalan anu laluhur.



Aya manuk anu buluna sarae, aya sasatoan anu aralit
sapertos odeng nu sorana ngahieng, sareng aya oge
lauk paus anu awakna liangan. Aya deui keong anu
awakna leueur. Tah pokona sadaya anu aya di dunya
ieu teh didamel ku Gusti, teu aya nu kalangkung
hiji oge,

sadayana teh di damel
ku Gusti.




Ngawitanana mah, sateuacan Gusti
ngadamel sagala rupi, teu aya
nanaon deui dialam ieu salian
ti Gusti. Teu aya jalmi, teu
aya tempat-tempat,
sadaya teu aya.
Teu aya caang
teu aya poek,
teu aya luhur, teu
aya handap, teu aya
dinten kamari teu aya
dinten enjing. Nu aya
Gusti wungkul nyalira, teras
Gusti ngawitan midamel sagala rupina.





Ngawitanana
Gusti ngadamel
langit sareng
bumi.




Tapi bumi ieu teh teu acan
diatur sareng kosong
keneh. Teras bumi
ieu oge poek
pisan. Lajeng
Gusti teh
nyarios
"Jadi
caang!"



Tah teras jadi aya caang, Gusti nganamian caang eta
teh siang, teras anu poek dinamian wengi. Teras
Janten wengi, janten enjing-senjing, tah eta dinten
anu kahiji.




Dina dinten anu kadua Gusti nyandak cai samudra,
laut, situ nu aya dihandapeun langit. Dina dinten
anu katilu Gusti nyarios "Taneuh garing kaluar!"
teras taneuh garing teh jenten aya.



Gusti oge masihan parentah ka jujukutan,
kekembangan, rungkun, tatangkalan
supaya kalaluar tina taneuh. Teras
Janten wengi deui, janten
enjing-enjing deui tah
eta dinten anu katilu.



Teras Gusti nyipatekeun panon
poe, bulan sareng bintang anu
seueur pisan, dugikeun ka teu
aya anu tiasa ngitung bintang.



Salajengna anu bade diciptakeun ku Gusti nyaeta sasatoan anu aya di laut sareng sagala rupa lauk. Dina dinten anu kalima Gusti nyiptakeun rupa-rupa lauk, aya lauk teri, lauk sarden, lauk pari, pokona aya lauk ageung aya lauk alit. Teras Gusti oge nyiptakeun rupa-rupa manuk, manuk anu ageung sareng manuk anu alit, sapertos manuk piit ku Gusti diciptakeun.




Gusti nyiptakeun sagala
rupi lauk teh supados
laut janten pinuh ku
lauk, teras manuk
oge dicipatakeun ku
Gusti supados tiasa
ngaraoskeun endahna
laut, taneuh sareng
langit. Teras janten
wengi deui janten enjing
deui, eta dinten kalima.



Saatos eta Gusti nyarios deui. Nyariosna kieu "Sagala rupa mahluk hirup kedah kalaluar ti bumi alam!" Sagalarupi sasatoan, anu ageung, anu alit, anu haliber, anu ngorondang janten aya. Di bumi alam teh janten aya gajah anu sok ngabibegkeun awakna, aya careuh anu teu daek cicing, aya monyet anu sok baong, aya oge buhaya anu mapahna teh ugag-igeug.



Aya oge cacing anu awakna purangkal-purungkul,
aya bajing anu rupana teh pikaseurieun, aya jarapah
anu jangkung, aya ucing anu sok kerek. Sagala rupi
sasatoan ku Gusti diciptakeun dina dinten eta.
Teras janten wengi deui, janten enjing deui
eta dinten anu ka genep.




Gusti oge midamel hal anu sanesna dina dinten
anu ka genep teh, anu didamel ku Gusti eta teh
istimewa pisan, aheng pisan. Ayeuna sagala rupina
tos siap kanggo manusa,
aya emameun di kebon,
aya sasatoan kanggo
mantuan manusa.



Teras Gusti nyarios "Ayeuna urang ngadamel manusa numutkeun gambar sareng rupa Gusti. Sangkan eta manusa teh tiasa ngawasaan lauk-lauk di laut, manuk anu haliber, sareng sagala rupa sasatoan anu aya di bumi,"

TERAS GUSTI
THE NGADAMEL
MANUSA SAPERTOS
GAMBAR SARENG
RUPA GUSTI ...



Gusti teh sasauran ka Adam "tatangkalan anu aya di taman buahna meunang di dahar kajaba buah anu mere pangarti ngeunaan hal anu hade jeung anu goreng, teu meunang di dahar, sabab lamun didahar, poe eta keneh oge maneh bakal paeh" saur Gusti ka Adam.



Teras Gusti nyarios deui, saurNa "teu hade lamun manusa teh hirupna sorangan, kaula bakal mere saurang panulung anu baris nulungan manehna, anu sarupa jeung manusa" Teras Gusti the nyandak sagala rupi manuk sareng sadaya sasatoan anu aya di leuwueng ka Adam.



Teras Adam teh sina bobo ku Gusti, tibra pisan.
Gusti nyadak hiji tulang tina awakna Adam, namina
teh tulang iga, tina tulang eta Gusti
ngadamel manusa istri. Tah
istri eta teh didamel ku
Gusti supados janten
panulung anu pas
sareng cocok
kanggo Adam.



Gusti ngadamel eta sadaya teh dina waktos genep dinten, Teras Gusti ngaberkahan dinten anu katujuh, teras ngajantenkeun dinten anu katujuh dinten kanggo istirahat. Di Taman Eden Adam sareng istriina Hawa hirup senang, aranjeuna taat ka Gusti, Gusti teh Allah aranjeuna, anu ngajaga, ngarawat, sareng janten Sobat



aranjeuna.



Gusti Nyiptakeun Alam Dunya Sareng Eusina

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 1-2

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130



Rengse



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

